# Maumbirwo ezviratidzi

Mazita emupanda mumwe nemumwe ose anowirirana nechiratidzi chemupanda chimwechete chekure uye chimwechete chepadyo. Zviratidzi zvekure nezvepadyo zvakasiyana maumbirwo azvo.

**1. Zviratidzi zvepedyo ( near demonstratives)**

Chitsigisi + chiratidza mupanda chechiratidzi (stabiliser + demonstrative affix)

| | |
|---|---|
| u- + -yu | uyu |
| i- + -chi | ichi |
| u- + -rwu | urwu |

**2. Zviratidzi zvekure (far demonstratives)**

Chitsigisi + chiratidzamupanda chechiratidzi + nzvovera -o (stabiliser +demonstrative affix + terminal vowel -o)

| | |
|---|---|
| u- + -y- + -o | uyo |
| i- + -ch- + -o | icho |

Dzimwe nguva chiratidzi chinogona kudzokororwa kana chichishandiswa mukugadzira zvirevo
sokuti:
a) Chikoro chichi chine vana vasinganzwi.
b) Munhu yuyu achandinetsa.
Kana chiratidzi chichidzokorodzwa zvinoreva kuti vara rekutanga i- kana rimwewo vara rinosiiwa.
Chiratidzi chinogonawo kubatanidzwa nezita, chisazitasingwi nechipauro
sokuti:
a) Pambapa panongogara pachidyiwa nyama.
b) Mumundamu hamuna kurimwa chinhu gore rakapera.
c) Tese tinoziva kuti gomoro rinoera.

Zviratidzi zvekure zvakafanana nezvisazitasingwi zemipanda pakuumbwa kwazvo. Sokuti:

| **Mupanda□** | **Chiratidzi chekure □** | **Chisazitasingwi □** |
|---|---|---|
| 4 | miti iyo | iyo miti |
| 5 | banga iro | iro banga |
| 7 | chitoro icho | icho chikoro |
| 10 | mombe idzo | idzo mombe |
| 14 | uroyi ihwo | ihwo uroyi |
| 21 | zimbwa iro | iro zimbwa |